Coronavirus CivActs Campaign presents

CIVIC ACTION TEAMS

# FAIR FACTS

अंक
१०६

०५ ।०२ ।२०७८



## धुलिखेल नगरपालिकाके संक्रमण देखाएल वडामे नगरपालिकाके स्वास्थ्य शाखा स्वाब संकलन करैत।

*तस्विर: रोजन तामाङ*



अस्पतालमे कोरोना संक्रमितके लेल अक्सिजन उपलब्ध कराब सह-सचिवके संयोजकत्वमे कार्यदल गठन । कोनो समस्या समस्या भेलापर सर्वसाधारणसभ **०१-४२७१७३०, ०१-४२८६६६०** आ टोलफ्रि नम्बर **११४०** मे सम्पर्क कर सकैत छी ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## यस अंक भित्र

**महामारीमे जनानी आ धियापुता उपर होबवला हिंसाके चित्र**

कोभिड - १९ के कारण जान गुमाबवला के संख्या सँ आत्महत्या करबलाके संख्या करिब ३० गुणा सँ बेसी छलै ।

---

**कोभिड विरुद्ध खोप लगाबके लेल अनलाईन फारम भर सकै छी**

खोपके उपलब्धता भेलाके बाद प्राप्त विवरण अनुसार व्यवस्थित रुपमे खोप लगाब सहज होई कहिक सरकार ई सुविधा अनलक अछि ।

---

**कोभिडके गम्भीर रोगीके श्वास बटैत अभियानकर्मी**

आफतमे सरकार अपन नै होईछै, हमसंगीसभ मिलक संक्रमितके किछ सहयोग कर सकब कि कहिक लागल छी ।

# फयाक्ट सिट

## पहिलो पटकको लकडाउनमा हिंसा र आत्महत्याका घटना दर डरलाग्दो तरिकाले बढे । के यो अवस्था फेरी दोहोरिएला?

कोरोनाके कारण नेपालमे पहिलबेर २०७६ चैत्र ११ गते सँ २०७७ साउन १० गते तक जनानी तथा धियापुतासभसंगे भेल हिंसाके घटनासभ

बलात्कारके घटना
**७१७**

बलात्कारके प्रयास केने घटना
**१९९**

बहु बिवाहके घटना
**१२२**

बाल बिवाह
**१७**

बाल यौन दुराचार सम्बन्धी घटना
**७९**

अप्राकृतिक यौन सम्बन्ध
**१४**

डाईनके दोष
**१०**

गर्भ पतनके घटना
**९**

छुवाछुतके घटना
**७**

घरेलु हिँसाके घटना
**१९३१**

आत्महत्या सम्बन्धी घटना
**१३४३**

जम्मा घटना
**४४४८**

उपरके आँकडा देखवै त, २०७६ चैत्र ११ गते सँ २०७७ साउन १० गते तक नेपाल सरकारद्वारा कएलगेल बन्दाबन्दीके समयमे जनानी, धियापुता तथा जेष्ठ नागरिक विरुद्ध जम्मा ४४४८ घटना घटलै । जै मे सँ आत्महत्या सम्बन्धी घटनासभ मात्रे १३४३ छै । जखन कि अहि अबधीमे कोभिड - १९ के कारण जान गुमाबवलाके संख्या ४५ कोई छथि । ई आँकडा नेपाल प्रहरीमे दर्ता भेल घटनापर मात्रे आधारित छै । अखन फेर नेपालके अधिकांश जिलामे निशेधाज्ञा जारी छै । अई समयमे सेहो एहन घटना दोहरायके सम्भावना प्रवल छै । **२०७८ बैशाख १६ सँ बैशाख २९ तक मात्रे सेहो राष्ट्रिय महिला आयोगमे २२ टा घरेलु हिंसा आ १० टा जनानी विरुद्ध होबवला हिंसाके मुद्दा दर्ता भळचुकल छै ।** महामारी विरुद्ध लड्के लेल योजना बनाबैत काल जनानी आ धियापुता तथा जेष्ठ नागरिक उपर होबवला हिंसापर ध्यान देनाई सेहो ओतबे जरुरी छै ।

Source: https://cid.nepalpolice.gov.np/index.php/cid-wings/women-children-service-directorate

# हल्ला र तथ्य

कोभिड विरुद्ध खोप लगाबके लेल सरकार आवेदन खुल्ला केने छै कहिक सुनैत छी । कहिया सँ लगाब पेतै ?

वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसँ १८ वर्ष या ओई सँ उपर आदमीके कोभिड - १९ विरुद्धके पहिल खुराकके लेल अनलाईन आवेदन फारम भर आग्रह केने छै । खोपके लेल www.vaccine.mohp.gov.np मे जाल्क जरुरी विवरण भैरक पेश कर सकवला व्यवस्था मन्त्रालय केने छै । ई स्वैच्छिक, व्यक्तिगत आवेदन छै । ई फारम भैरते देरी खोप लगाबके सुनिश्चितता लेकिन नै भेल मन्त्रालय जनौने अछि । लेकिन, खोपके उपलब्धता भेलाके बाद विवरण अनुसार व्यवस्थित रुपमे खोप लगाब सहज होई कहिक सरकार ई सुविधा अनने छै ।

Source: https://vaccine.mohp.gov.np/

पहिल मात्रा चाईनिज खोप लगेनेके दोसर खोप सेहो लगारहल छै कहादन । फेर बन्दाबन्दी सेहो छै । कत, केना आ कहिया लगेबै ?

पहिल मात्रा भेरोसेल (चाईनिज) खोप लगेने आदमीके २०७८ जेठ २ गते सँ ११ गते तक नजिकके वडाके खोप केन्द्रसँ भोर १० बजे सँ दुपहरके ४ बजे तक खोप दलरहल छै । अखनके निषेधाज्ञाके ध्यानमे रखैत खोप लगेने आधारमे खोप कार्ड लल्क खोप केन्द्रमे जाय परत । के कोन दिन खोप लगाब पाओत से विस्तृत रुपमे निचा देलगेल विवरणमे देखल जाऊ ।

Source: https://cutt.ly/ibVWVEk

अखन बैकमे ५० हजार सँ उपरके मात्रे कारोबार होईछै कहिक सुनैत छी । कि कम पैसा होबवला निकाल आ जम्मा कर नै पेतै ?

अखन के अवस्थामे जोखिमके ध्यानमे राखैत बैंकसभ भिडभाड नै होई कहिक बैकर्स संघ किछ मापदण्ड बनौने छै । जाही अनुसार अपन खातामे भेल पैसा जरुरतके हिसाब सँ निकाल सकैछी लेकिन जम्मा रु. ५० हजार सँ बेसी पैसा मात्रे कर सकब । तहिना कल्क, एटिएम, पैसा पठेनाई (चेक, आईपिएस, आरटिजी), विप्रेषण भुक्तानी, अन्तरराष्ट्रिय व्यापार सम्बन्धी कारोबार, लेकिन पहिलेहि जका सुचारु रहतै ।

Source: http://nepalbankers.com.np/press-release-30-baishak-2078/

## कोभिड - १९ प्रतिकार्यमे सरकारको

# योजना आ कार्यान्वयन

वास्तवमे कोन बात सँ अपनासभके मृत्युके मुहमे पहुचाँरहल अछि ? विषाणु ? या भ्रष्टाचार, अप्रभावकारी व्यवस्था आ ईमान्दार नेतृत्वके कमी सँ ?




### बैशाख २२

कोभिड - १९ रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजके लेल नेपाल सरकार सँ भेल आदेश आ निर्देशनके कार्यान्वयनके दैनिक प्रगति विवरण **प्रत्येक दिन ५ बजे** प्रेस विज्ञप्ति जारी करतै ।



### बैशाख २२

स्थानीय तहसभ गामटोलमे दैनिक **नि:संक्रमण** करके व्यवस्था मिलेतै ।




देशभैरके अक्सिजन उद्योगके **अनुगमन** कलक **पूर्ण क्षमतामे सञ्चालन** करके व्यवस्था मिलेतै ।

### बैशाख २३

### बैशाख २३ देखी

कोभिड अस्पतालसभमे भेल **कूल शैया संख्या, भरल** आ **खाली शैयाके संख्या** सम्बन्धि बास्तविक समयके विवरण उपलब्ध होई तेना क वेवसाईटमे राखब आ सर्वसाधारणके कोन अस्पतामे कोन समयमे कतेक शैया उपलब्ध छै से देखक तत्काल बिमारलिल्जायके व्यवस्था करब ।





### बैशाख २४ सम्म

**अक्सिजन** प्लाण्टसभ जरुरी मर्मत आ देखभाल कलक सञ्चालनमे आनब ।



### बैशाख ३१ सम्म

चीन सरकारसँ अनुदानस्वरुप प्राप्त होबवला २० हजार **अक्सिजन सिलिण्डर** मे सँ पहिल खेप आनब (४०० सिलिण्डर आबिचुकल)

■ **कार्यान्वयन नभएको** ■ **आंशिक रुपमा कार्यान्वयन भएको** ■ **कार्यान्वयन भएको**

कोभिड - १९ को दोस्रो लहर शुरु भएसँगै सरकारले यस विरुद्ध लड्न द्रुत योजनाहरु बनायो । तर, कार्यान्वयनमा भएको ढिलासुस्ती र त्यसको कुनै प्रभावकारी परिणाम नदेखिनाले भने, आम नागरिकमा निरासा छाएको छ । माथी प्रस्तुत गरिएका ६ वटा योजना मध्ये जम्मा एउटा योजना मात्र कार्यान्वयनमा आएको छ । आफैले बनाएका योजनाको जवाफदेही तरिकाले कार्यान्वयन नहुनु र कार्यान्वयन गर्ने पक्षको व्यवस्थापकिय लापरवाहीका कारण आम नागरिकले दैनिक रुपमा कठिनाईहरु भोग्नु परिरहेको छ । अझै पनि अक्सिजन प्लाण्टहरुको नियमित अनुगमन गरेको र अस्पतालहरूमा कहाँ कती बेड खालि छन् भनेर सार्वजनिक गरेको तथ्यांकले पनि वास्तविक समय अनुसार जानकारी दिँदैन । यो सँगै प्राय नागरिक पाउनुपर्ने सूचनाबाट बञ्चित भइरहेकोले पनि संक्रमितहरूले ज्यान गुमाइरहेकाछन् । के कार्यान्वयन बिनाको योजना बनाउनुमात्र प्रयाप्त हुन्छ ? नतिजा बिनाको अनुगमनको कुनै अर्थ छ ? के सरकारले बनाएका यि योजना कोभिड - १९ विरुद्ध लड्न प्रयाप्त छन् ?

Source: https://cid.nepalpolice.gov.np/index.php/cid-wings/women-children-service-directorate

# श्रमिक साथी

Shramik Sanjal

## कुवेतमे खोप नै लगेलापर यात्रामे प्रतिवन्ध, कतारमे रमादानके अवसरमे आममाफी

### यूएई:

• आबुधावीमे जुलाई १ सँ हरियर क्षेत्र (जोखिम नै भेल क्षेत्र) सँ आबवला यात्रुसभके क्वारेन्टाईनमे नै रह परत। हरियर क्षेत्र प्रत्येक सप्ताह अद्यावधिक कएल जेतै । अखन नेपाल हरियर क्षेत्रमे समाबेस नै छै । अपन नागरिक आ कुटनीतिक आयोगके आदमी बाहेक नेपाल लगाएत आरो ४ देशसँ आबवला यात्रुसभके बन्द केने छै ।

• दुबईमे रस्ता तथा मस्जिद कातमे बैस कल मांगबला २४ टा आदमीके अल राफाके सिपाही पकरने छै । एना रस्तामे मांगवला काम केलापर ५ हजार दिहराम जरिवाना आ ३ महिना कारावास सजाय होबके नियम छै ।

### ओमान:

• रात्रिकालीन कर्फ्यू अन्त होबके साथे आरो बातसभ सेहो सहज होबवला छै । बस सेवा सञ्चालनमे आबवला छै । रेष्टुरेन्ट आ क्याफेसभ ५०% क्षमताके साथ सञ्चालन हेतै । लेकिन, व्यायामशाला, पार्टी हल आ स्विमिङ पुलसभ मुदा दोसर सूचना नै आबतकके लेल स्थगित कएलगेल छै ।

• मध्यपूर्वके नेपालीसभ सँ सहयोग आ एनआरएनके पहलमे १ करोड ८ लाख २० हजार संकलन कलक ५६० थान अक्सिजन सिलिण्डर मई १५ मे नेपाल पहुचाएल गेल ।




### कुवेत:

• कुवेतद्वारा मई २२ सँ दैनिक १ हजार आप्रवासीके कुवेत फिर्ता आब देतै । लेकिन, नेपाल, पाकिस्तान, बंगलादेश आ श्रीलंकासँ सिधा उडान मुदा निषेधे अछि ।

• कुवेत हवाईअड्डामे क्विक कोभिड टेस्ट बुथ राखल जारहल छै ।

• सन् २०२० भितर मात्रे ४,४७,००० कोईके कार्य अनुमति रद्द कएलगेल छै ।

### साउदी अरब:

• १७ मई सँ कोभिड विरुद्धके मापदण्ड पालना करैत सब नाकासभ खुल्ला कलक आगमनके सहज बनाओल जेतै ।

• १७ मई सँ सब होटल तथा रेस्टुरेन्ट सेवा खुल्ला कएल जेतै । लेकिन, प्रत्येक ७ दिनमे कामदारसभके पिसिआर परीक्षण कराक नेगेटिभ रिपोर्ट साथे मे राख परतै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## जे बिमारीसभके लेल अक्सिजन खोज दिन राईत खटैत रहैत छैथ

शुशिल केसी कोभिडके कारण प्रदेश अस्पताल सुर्खेतमे भर्ना भेल छलैथ । ओत सँ डिस्चार्ज भेलाके बाद म्यासेन्जरके एकटा समुहमे केसी लिखलैथ, कोभिडके कारण प्रदेश अस्पतालमे भर्ना भेल बिमारीसभ लगाएतके खानाके समस्या छै । ऊ समाधान कर किछ कल सकैत छी कि ? तेकर बाद ओही समुह केसी अईके लेल अपने २ दू हजार सहयोग करब कहलैथ । पत्रकार महासंघ सुर्खेत शाखाके उपाध्यक्ष सुदिप पुरी १ हजार सहयोग करब कहलैथ । तेना करैत करैत सात हजार रुपैया जम्मा भेलै । तेकरबाद सुर्खेतक जुझारु नैजवानसभ एकटा अभियान प्रारम्भ केलक, "कोभिड १९ स्वसहयोग समुह" । अखन अई समुहमे ५ कोई सदस्य सुदिप पुरी, धर्मराज आचार्य, खगेन्द्र पुरी, मिलन श्रेष्ठ आ प्रवासकुमार शाक्य सक्रृय रुपसँ लागिरहल छैथ । कोभिडके समयमे अपना जोखिम होईतो सेहो ऊसभ सुर्खेतमे अक्सिजनके आपूर्ति करमे सकृय भेल छैथ । सुदिप, प्रवास आ मिलन पेशासँ पत्रकार छैथ त धर्मराज व्यवसायी आ खगेन्द्र बैंकमे कार्यरत छैथ ।



अपने केना बचब कहके समयमे एहन अभियान चलेनाई पक्के सहज नै छलै । लेकिन सुर्खेतके ई नौजवानसभ कोभिडके गम्भीर बिमारीके श्वास बाटके हिम्मत केलक । शुरुमे सामाजिक सञ्जाल फेसबुक मार्फत "कोभिड संक्रमितके लेल अक्सिजन सिलिण्डर किन हमर एक हजार' अभियान चलेलैथ । अखनके भर्चूअल माध्यमसँ अभियान एकाएक देश-विदेशमे पहुचल । बहुतेकोई अभिरुची देखेलैथ, धमाधम आर्थिक सहयोग जुट लागल । अखनतक ८ लाख रुपैया जम्मा भेल अभियानकर्मी कहलैथ ।



५ दिनतक बिमारी तथा बिमारी संगे रहवला आ स्वास्थ्यकर्मीके पौष्टिक स्वादिष्ट खाना तथा स्वास्थ्यकर्मीके नास्ता व्यवस्था कलक शुरु कएलगेल ई अभियान अखन अक्सिजन सहित सुर्खेतमे खासे प्रयोगमे नै आएल एकटा एमबुलेन्स किराया मे ललक नि:शुलक संञ्चालन कलरहल छै । नयाँ एम्वुलेन्स सञ्चालनके लेल प्रक्रिया आगु बढिरहल छै ।

समुहसँ अपने गाडीके प्रबन्ध कलक नेपालगञ्जसँ अक्सिजनके आपुर्ति कल रहल छै । स्वास्थ्यकर्मीसभके मांग अनुसार जरुरतके स्वास्थ्यके सामानसभ सेहो उपलब्ध करारहल छैथ । अभियानकर्मी मे सँ एक खगेन्द्र कहैत छैथ,

> **विपत्तीमे सरकार आपन नै होईछै, हमसंगीसभ मिलक संक्रमितके किछ सहयोग कएल जालसकैय कि कहिक लागल छी ।**

अखन हुनकासभके बिमारीसभके श्वास बचाब बहुते मेहनत कर पैर रहल छै ।

# भोइसेस आउट लाउड - मेरो कुरा

१०० टा सघन देखभाल ईकाई स्तरके देखभाल हमसभ कर्णाली प्रदेशमे दलए रहल छी । जँ संक्रमण दर बढैत गेलै, हमसभ एकरा रोक नै सकलौ, सामाजिक अनुशासन (विवाह, मुण्डनसंस्कार लगाएत) कायम राख नै सकलौ त, हमरासभ लग भेल स्वास्थ्य पूर्वाधार सँ नै पहुचत । हमसभ कोभिडके दोसर लहर सँ बहुते बात सिखने छी । कोभिड विरुद्धके लडाईंम अग्रपंक्तिमे काम करवलाके हैसियत सँ आम नागरिक के हम दूटा बात प्राथमिकतासँ पालना कर आग्रह कर चाहैछी । पहिल, अनुशासनके पालना करी आ दोसर, कोभिडके कोनो भी लक्षण महसुस होईते देरी परिक्षण कराऊ । स्वास्थ्य संरचनासंगे ई दुटा बातपर ध्यान देलापर कोभिड नियन्त्रण सम्भव छै ।

## डा. नवराज केसि

कर्णाली प्रदेश अस्पताल





## पुष्पा भण्डारी

सवारी चालक,
धनगढी उप-महानगरपालिका सरसफाई विभाग

जखन जखन बन्दाबन्दी होईछै अधिकाशं क्षेत्र बन्द होईछै लेकिन, हमरासभके पहिल सँ आरो बेसी दौड परैत अछि । पहिले १२ घण्टा काम कर परेत छल त, कोभिड - १९ के संक्रमणके बीच २४ सो घण्टातक सेहो काममे खट परल । हमसभ सबके घरदुवाईर सँ निकलल गन्दा सँ ललक क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनके काम सेहो कलरहल छी । कोभिडके पहिल लहर शुरु भेलापर नगरपालिका मास्क आ पञ्जा उपलब्ध करेने छलै लेकिन, बादमे सुरक्षा साधन विना हाथमे पोलिथिन बान्हिक सेहो काम कर परल । एहि दोरान हम सेहो संक्रमित भेलौ । अखन कोभिड-१९ के दोसर लहर एलापर सेहो अवस्था ओहने छै । लेकिन, जे होई हम अपन जिम्मेबारी निस्वार्थ रुप सँ निर्वाह कलरहल छी ।



# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निषपक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रै स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रै नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।

Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

### REACH OUT TO US ON

- @CivicActionTeams
- @civacts
- @CivActs
- Civic Action Teams
- /accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org
Phone: 9851203219